

Bhaibheri re vana
Rikukupai

Jesu Mudzidzisi Mukuru



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.


Story 42 of 60

www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Shona





Jesu akadzidzisa
zvakanwanda.
Akadzidzisa kuti
vanhu vaMwari
vanoisa chiedza
panzvimbo
sezvinoita rambi
kana raiswa
munzvimbo ine
rima!

3

Jesu akanga achitaura nevanhu
vakanga vachitenda tsika yokutsiva
vamwe. Asi Jesu akadzidzisa
ruregerero, uye
kuda vanhu vose,
kunyangwe
vanotiitira
zvakashata.



4



Vamwe vanhu vakanyepera kuva
vakarurama. Mushure mokunge
vabatsira varombo, vakanga
vachida kuti munhu wose azive
zvavakanga vaita.

5



Jesu akati, "Kana muchipa,
itai makavanzika kuti
baba venyu vari kudenga
vazokuropafadzai."

6



Jesu akadzidzisa zvimwechete pamusoro
pekunamata. Vamwe vanhu vainamata pakati peguta
pakanga pakazara vanhu.

7



Vakanga vasina hanya naMwari asi vakanga vaine
basa nokuti vanhu vaifungei pamusoro pavo. Jesu
akavati vanhu vakanga
vasina kururama.

8

Rimwe zuva Jesu akadzidzisa achiti,
"Baba venyu varikudenga vanopa shiri
zvokudya. Imi regai kunetsekana.
Mwari vanokupai zvokudya."



9

Jesu akati, "Kunyangwe mutangamiri Soromoni
akanga asina kupfeka zvakana semaruva ari
panze. Kana Mwari vachipa maruva zvokupfeka,
vangatadza here kupa imi zvokupfeka?"



10

Jesu akanga achidzidzisa vanhu kuti vatende kuna
Mwari uyo anotipa zvose zvatinoda.




11

Jesu akati, "Kana ukaona
kutadza kweumwe munhu,
zvakanana nokuedza
kubvisa kamuti
muziso reumwe
iwe uine danda
muziso rako."
Zvichida vanhu
vakaseka, asi
vakafanira
kufunga kuti
Jesu akanga
achirevei.



12

Jesu akataurira
vanhu kuti
vakumbire Mwari
rubatsiro. Baba
vako vanokupa
here dombo
kana ukakumbira
chingwa? Kwete!
Vanopa zvipo
zvakana. Kana
Mwari anopa zvipo
zvakana kune
vose vanokumbira.




13

Jesu, mudzidzisi mukuru akanayira
nokuda kwevadzidzisi venhema.
Akati, "Vanouya vakapfeka nguwo
dzinenge dzehwai, asi mukati
makava!" Akati vadzidzisi venhema
vanozivikanwa nokuda kwe hupenyu
hwavo.



14

Jesu akataurira vanhu kuti kuteerera shoko raMwari kwakafanana nomunhu anovaka imba yake padombo.




15

Mhepo yakasimba yakauya asi imba yakanga iri padombo haina kudonha.



16

Asi murume asina uchenjeri akavaka imba yake paivhu. Mhepo yakarova, imba iyi ichibva yadonha nokuti yakanga isina kusimba. Jesu akati vanhu vasingatereri shoko raMwari vakaita seimba iyi.



17

Vanhu vakashamisika nemanzwi aJesu. Vakanga vasina kumbonzwa zvakadai. Vakaziva kuti zvakanga zvisina kunaka kungonzwa shoko, asi vaifanira kuita zvarinotaura.



18

Jesu Mudzidzisi Mukuru

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 5-7, Ruka 6

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Mwari anoziva kuti takaita zvakaipa, zvaanoti zvitema. Mubairo wezvitema ndirwo rufu.

Mwari anotida akatuma mwanakomana wake, Jesu, kuzofira pamuchinjikwa akaripa zvese. **Jesu akamuka** akadzokera kudenga! Uye zvino Mwari anotiregerera zvitema zvedu.

Kana uchida kusiya zvitema, taura izvi kuna Mwari: Mwari ndinotenda kuti Jesu akafira ini akamukazve. Huyai mumoyo wangu, mundiregerere zvitema zvangu, ndive neupenyu hutsva ndigare nemi mazuva namazuva. Ndibatsireyi ndiraramire imi semwana wenyu. Amen. Johani 3:16

Verenga Bhaibheri kuti mutaure neMwari mazuva ese!

